



MESAJ POU FANMI KI GEN TIMOUN PITI KI GEN OTISM

Se yon Mesaj Enpòtan pou Fanmi ki gen Timoun Mwens Pase 9 an ki Dyagnostik pou Pwoblèm Espèktwòm Otistik – Enskripsyon Lib depi 17 oktòb jiska 31 oktòb 2017

Divizyon pou Otism nan Depatman Sèvis Devlopmantral la (DDS) gen yon Pwogram Otorizasyon Espesyal pou Otism ki pèmèt fè entèvansyon fas-a-fas pou ede timoun ki gen otism, avèk pwoblèm konpòtman grav, ak pwoblèm sosyal oubyen kominikasyon, nan yon sèvis ki rele **Abilitasyon Pwolonge, Edikasyon** (sèvis lakay ak sipò entansif). Sèvis sa yo pral fèt lakay timoun lan, oswa nan lòt anviwonman natirèl, avèk sipèvizyon pèsònèl klinik ki fòme pou sa, epi y ap disponib pou yon total twazan. Otorizasyon espesyal la pral fè tou sèvis sipò konplèmantè, tankou aktivite entegrasyon nan kominote avèk repo. Apre twazan nan sèvis entansif lakay li a, yon timoun kapab antre nan yon sèvis konplèmantè ki satisfè bezwen li, epi ki ede l fè tranzisyon pou soti nan Pwogram Otorizasyon Espesyal pou Otism lan - jouktan timoun lan rive nan dat ki gyèm anivèsè li.

Kounye a, Otorizasyon Espesyal la kapab sèvi pou 385 timoun pandan yon lane fran; men menm si Pwogram Otorizasyon Espesyal pou Otism lan deja prèske plen kounye a, toujou gen timoun k ap kite Pwogram lan paske yo rive nan dat ki fè yo gen 9 an, oubyen pou yon lòt rezon. Se poutèt sa nou vle kenbe yon rezèv aplikasyon ki pral sèvi lè plas sa yo vil disponib nan Pwogram lan. Kidonk, Divizyon pou Otism lan ap bay yon opòtinite pou fè aplikasyon pou otorizasyon espesyal la pandan yon peryòd demann aplikasyon lib. Dènye fwa Divizyon Otism lan te gen yon peryòd demann pou enskripsyon lib, se te nan mwa oktòb 2015. **Peryòd demann lib la ap koumanse 17 oktòb pou fini 31 oktòb. Tanpri, sonje voye aplikasyon an NAN LAPÒS oswa nan kouryèl ant 17 oktòb ak 31 oktòb, paske Divizyon pou Otism la ap rejte tout aplikasyon li resevwa si se pa nan dat sa yo. Si ou te voye yon aplikasyon pandan dènye peryòd demann aplikasyon lib la nan mwa oktòb 2015, OU DWE VOYE YON LÒT APLIKASYON POU 2017.**

Pwogram Otism lan rezève plas pou timoun ki gen 3zan epi k ap fè tranzisyon pou kite pwogram Entèvansyon Prekòs la. Sa vle di, Divizyon pou Otism lan rezève 20 plas nan Eta a pou timoun ki gen 3zan. Timoun sa yo pral bezwen tou pou yo satisfè tout estanda finansye ak estanda kalifikasyon klinik yo mande yo, pou antre nan Pwogram lan.

Otorizasyon Espesyal la sèvi timoun jouktan yo rive nan gyèm anivèsè yo, si se timoun ki nan yon kategori pwoblèm otism ki satisfè kondisyon pou patisipe nan Pwogram Otorizasyon Espesyal la. Tout sèvis espesyal yo mande pou timoun lan kontinye satisfè kondisyon kalifikasyon finansye ak kondisyon klinik pou Pwogram Otorizasyon Espesyal la.

Rezon pou mesaj sa a, se pou fè w konnen ki kalifikasyon yo mande pou Pwogram Otorizasyon Espesyal pou Otism la.

Kalifikasyon: Kondisyon pi ba la yo dwe satisfè, pou yon timoun kapab patisipe nan pwogram sa a:

1. Timoun lan dwe genyen yon **dyagnostik konfime** pou Pwoblèm Espèktwòm Otistik, pou Depatman Sèvis Devlopmantral la kapab verifye.
2. Timoun lan poko rive nan gyèm anivèsè li. Timoun kapab patisipe jiska laj 8an.
3. Timoun lan se yon rezidan Massachusetts.
4. Timoun lan dwe genyen bezwen ki nan nivo sèvis yo bay nan yon Enstitisyon Swen Entèmedyè pou Moun ki Gen yon Andikap Entelektiyèl (ICF/ID) dapre evalyasyon DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL LA.
5. Fanmi an deside pou timoun lan resevwa sèvis lakay li ak nan kominote a.
6. Timoun lan dwe kapab resevwa sèvis nan kominote a, san sa pa gen danje pou li.
7. Timoun lan dwe genyen yon reprezantan legal responsab, ki kapab sipèvize sèvis ki nan Otorizasyon Espesyal la.
8. Ajans MassHealth la dwe jwenn timoun lan kalifye pou kouvèti Estanda MassHealth, dapre kantite lajan fanmi l touche. Pou fanmi ki poko fè aplikasyon pou MassHealth, sa dwe fèt an menm tan y ap depoze Fòmilè Demann pou Kalifikasyon nan Pwogram Otorizasyon Espesyal la.

MESAJ POU FANMI KI GEN TIMOUN PITI KI GEN OTISM

Kouman pou w fè aplikasyon pou MassHealth? Ou ka sèvi avèk nenpòt kilès nan metòd sa yo, pou fè aplikasyon pou MassHealth:

Konnekte nan kont ou, nan MAhealthconnector.org. Ou ka louvri yon kont anliy, si ou poko gen youn. Aplikasyon anliy la ka pèmèt ou jwenn kouvèti asirans ou pi vit pase yon aplikasyon ou voye pa lapòs.

Voye aplikasyon an pa lapòs, apre ou ekri ladan enfòmasyon yo mande yo, epi ou siyen li, nan adrès:
Health Insurance Processing Center
P.O. Box 4405
Taunton, MA 02780

Ekri enfòmasyon yo mande nan aplikasyon an, siyen li, epi voye l nan faks nan nimewo 1-857-323-8300.

Rele Sèvis Kliyantèl MassHealth la nan nimewo 1-800-841-2900,
(TTY: 1-877-623-7773 pou moun ki soud, oswa ki pa tande byen, oswa ki pa ka pale), oswa nan nimewo 1-877-MA ENROLL
(877-623-6765).

Ale nan Sant Enskripsyon MassHealth la (MEC). Gade nan Tiliv pou Manm sou Kouvèti Maladi ak pou Ede nan Peman yo (Member Booklet for Health Coverage and Help Paying Costs), pou wè yon lis adrès MEC.

Kouman pou Patisipe nan Pwosesis Kalifikasyon an:

1. Jwenn yon kopi Fòmilè Aplikasyon pou Pwogram Otism la

- a. Ou mèt kontakte Sant Sipò pou Otism nan kote ou rete a (nan lis pi ba la a) pou mande yon Fòmilè Aplikasyon.
- b. Sant Sipò pou Otism yo la pou ede w ranpli Fòmilè Aplikasyon an.
- c. Divizyon pou Otism la ap afiche tout fòmilè yo sou sit wèb DDS la:
 - www.mass.gov/DDS nan ribrik 'Autism Spectrum Services' [Sèvis pou Espèktwòm Otistik]

2. Ranpli Fòmilè Aplikasyon pou Pwogram Otism la

Pou ranpli fòmilè sa a, ou pral bezwen:

1. dat nesans pitit ou
2. nimewo sekirite sosyal pitit ou
3. nimewo didantite pitit ou nan MassHealth

3. Remèt Fòmilè Aplikasyon pou Kalifye nan Pwogram Otism la

- Tout aplikasyon yo dwe genyen, sou anvlòp la, yon mak lapòs oswa yon tenm ki gen yon dat ki tonbe ant **17 oktòb ak 31 oktòb 2017**.
- Si yon fòmilè aplikasyon pa poste ant dat sa yo, Divizyon pou Otism la ap rejte l.
- Konplete fòmilè a avèk yon plim, an lèt byen detache.
- Siyen fòmilè a avèk yon plim.
- **VOYE YON SÈL APLIKASYON POU CHAK TIMOUN** – Divizyon pou Otism lan ap rejte tout fòmilè li resevwa anplis.
- Voye fòmilè a pa lapòs (Divizyon pou Otism lan pa resevwa fòmilè men nan men) nan adrès sa a:
AUTISM DIVISION of DDS
Att. Autism Program Application Form
500 Harrison Avenue, Boston, MA 02118.

Yon priyorite Divizyon pou Otism DDS la, se veye pou pwosesis ki pèmèt kalifye moun pou Pwogram Otorizasyon

MESAJ POU FANMI KI GEN TIMOUN PITI KI GEN OTISM

Espesyal pou Otism la disponib san restriksyon pou fanmi ak timoun ki gen otism, epi ki soti nan yon peyi kote yo pale yon lòt lang, oswa ki gen lòt kilti.

Anons sa a, ak lòt enfòmasyon sou pwogram espesyal la, afiche nan sit wèb DDS la, nan adrès www.mass.gov/DDS nan ribrik 'Autism Spectrum Services' [Sèvis pou Espektwòm Otistik], ak nan Sant Sipò pou Otism ki resevwa finansman DDS yo. Ou ka jwenn dokiman yo nan lang arab, chinwa, franse, kreyòl ayisyen, kmè, pòtigè, ris, panyòl, taylandè, ak vyetnamyen. Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Otorizasyon Espesyal pou Otism la, kontakte Sant Sipò pou Otism ki pi pre w la, oswa voye yon mesaj imel nan adrès AutismDivision@state.ma.us. Oubyen rele Autism Division nan nimewo [617-624-7518](tel:617-624-7518).

Tout patisipan yo pral kapab jwenn sèvis tradiktè ak entèprèt gratis.

Lis non ak adrès Sant Sipò pou Otism yo:

ACL: Community Resources for People with Autism (CRPA)

116 Pleasant St. Easthampton, MA 01027
#413-529-2428: Li sèvi Wès Massachusetts

Advocates: Autism Alliance of MetroWest (AAMW)

1881 Worcester Road Suite 100A. Framingham, MA 01701
#508-652-9900: Li sèvi Metwo West nan Boston

Community Autism Resources (CAR)

33 James Reynolds Rd, Unit C, Swansea, MA 02777
#508-379-0371: Li sèvi Sidès Massachusetts

HMEA: Autism Resource Center

71 Sterling Street, West Boylston, MA 01583
#508-835-4278: Li sèvi rejyon Santral Massachusetts la

NEARC: The Autism Support Center

6 Southside Road, Danvers, MA 01923
#978-777-9135: Li sèvi Nòdès Massachusetts

TILL, Inc.: Autism Support Center

20 Eastbrook Rd. Dedham, MA 02026
#781-302-4600 x 4661: Li sèvi tout rejyon Boston an

The Arc of South Norfolk: The Family Autism Center

789 Clapboardtree Street, Westwood, MA 02090
#781-762-4001, X. 395: Li sèvi rejyon Norfolk County a

www.mass.gov/DDS

Autism Spectrum Services

Ou ka jwenn enfòmasyon yo nan lang sa yo:

arab, chinwa, franse, kreyòl ayisyen,
kmè, pòtigè, ris, panyòl, taylandè, ak
vyetnamyen.